Өзбекистан Республикасы
Халық билимлендириў министрлиги

Әжинияз атындағы
Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

# 2016-жыл «Саламат ана ҳәм бала жылы»на бағышланған «Илим ҳәм тәлим-тәрбияның әҳмийетли мәселелери» атамасындағы Республикалық илимий теориялық ҳәм әмелий конференция

# МАТЕРИАЛЛАРЫ

# 2016 йил «Соғлом она ва бола йили»га бағишланган «Фан ва таълим-тарбиянинг долзарб масалалари» мавзусидаги Республика илмий-назарий ва амалий анжуман

# МАТЕРИАЛЛАРИ

## I бөлим

Нөкис - 2016

*– oqitiwshilardin’ shinig’iw basinan aqirina shekemgi bolg’an waqit dawaminda orinlaytug’in iskerliklerin sho’lkemlestiriwshi moduller;*

*–oqiwshi-talabalardin’ o’zlestiriwin qadag’alaw islerin sho’lkemlestiriwshi moduller ha’m usi siyaqlilar.*

Joqarida aytilg’anlardan ko’rinip turipti, zamanago’y pedagogikaliq texnologiyalar protsessindegi moduller ta’lim mazmuni, qurallari ha’m usillarinin’ ha’r birine tiyisli quramliq elementlerin sho’lkemlestiredi. Bunda ta’lim mazmuni modulleri-u’yretilip atirg’an axborottin’ quramin sho’lkemlestiriwshi birliklerin, ta’lim qurallari modulleri-usi qurallardin’ birliklerin, ta’lim usillari modulleri- usi usillardi a’melge asiriw iskerligi dawaminda orinlanatug’in ha’reketlerdi sho’lkemletiriwshi birliklerdi an’latadi.

Solay eken moduli ta`lim texnologiyalari da o`z waqtinda oqiw protsessine engizilip atirg`an zamanago`y oqitiw tu`rinin` bir bolip esaplanadi.

**A`debiyatlar:**

1. Azizxodjaeva N.N. Pedagogik texnologiya- va pedagogic texnologiya. T., 2003

2. Беляева А. Интегративно - модульная педагогическая система профессионального образования. СПб., 1997

3. Yo’ldoshev J., Hasanov S. Pedagogik texnologiyalar. O’quv qo’llanma. Toshkent. 2009

## MODULLI TA`LIM TEXNOLOGIYASININ` MAZMUNI HA`M MAQSETI

**N. Matnazarov - «Sotsial-gumanitar pa`nlerdi oqitiw metodikasi» qa`nigeligi 1-kurs magistranti A`jiniyaz atindag`i NMPI**

**Ilimiy basshi: T.A. Kudyarova - dotsent, tariyx ilimleri kandidati**

Modulli ta’limnin’ tiykarg’i mazmuni sonda, oqiwshi-talabalar modul da’stu’rleri ja’rdeminde o’z betinshe islewge tiykarlang’an oqiw-biliw iskerligi arqali belgilengen maqsetke erisedi. Modul da’stu’rleri temanin’ bilimlendiriwshilik, tarbiyaliq ha’m rawajalandiriwshi maqsetinen kelip shig’atug’in modul da’stu’rinin’ didaktikaliq maqseti, oqiwshi-talabalardin’ sabaq dawaminda orinlaytug’in oqiw tapsirmalari, tapsirmalardi orinlaw boyinsha beriletug’in ko’rsetpeler, modul da’stu’rinn’ juwmaqlaw bo’limin o’zinde ja’mlestiredi.

*Modul da’stu’rlerin du’ziwde oqitiwshi itibarin to’mendegilerge qaratiw za’ru’r[1:517]:*

- Modul da’stu’rinen ko’zde tutilg’an didaktikaliq maqsetti aniq jaritiw;
- da’stu’riy ta’limde oqitiwshi sabaqtin’ bilimlendiriwshilik, ta’rbiyaliq ha’m rawajlandiriwshi maqsetlerin o’z moynina ju’kleydi, yag’niy oqiwshi-talabalarda belgili tu’siniklerdi qa’liplestiriw, ilimiy ko’z-qarasin ken’eytiw, tarbiya beriw h.t.b.
- Modul da’stu’rinin’ didaktikaliq maqseti sabaqtin’ joqarida aytip o’tilgen maqsetlerine ja’mlesken halda oqiwshi-talabalardin’ moynina ju’kletiledi. Soni aytip o’tiw kerek, maqset aniq bolsa, og’an muwapiq halda is-ilajlar qollaniladi ha’m erisiw an’sat boladi;
- Oqiw materialin u’yreniwdin’ logikaliq bag’darin (induktiv ya’ki deduktiv ta’rizde belgilengenligi) aniqlaw;

➢ Modulli ta’lim printsipleri esapqa aling’an halda oqiw materialin mazmuninan tamamlang’an logikaliq izbe-izliktegi kishi bo’lim (modul) lerge bo’listiriw;

➢ oqiwshi-talabalar ta’repinen oqiw materiallarinin’ ha’r bir moduli ya’ki bo’limin o’zlestiriw ushin sho’lkemlestiriletug’in oqiw iskerligi usillarin belgilew;

➢ oqiw iskerligi usillarina baylanisli halda modul da’stu’rinen orin aliwi lazim bolg’an oqiw elementleri ha’m olardin’ izbe-izligin aniqlaw;

➢ oqiwshi-talabalar bilimin aniqlaw ha’m qadag’alaw boyinsha da’slepki qadag’alaw,axborot toplami,oqitiw mazmunin qayta islew,juwmaqlawshi qadag’alaw ha’m oqiwshi-talabalar bilimindegi tipik kemshilikler ha’m qa’telerdi joq etiw jollarin belgilew;

➢ –oqiwshi-talabalar ushin tiykarg’i ha’m qosimsha a’debiyatlardi tan’law.

Oqiwshi-talabalar modul da’stu’ri ja’rdeminde oqiw materialin o’z betinshe ha’m do’retiwshilik u’yreniw protsessi usi temani o’zlestiriw ushin da’stu’rde belgilengen waqit shen’berinde a’melge asiriliwina erisiliwi lazim.

*Modul da’stu’rleri mazmuni ha’m a’hmiyetine ko’re:*

- oqiwshi-talabalardin’ individual ta’rizde islewge mo’lsherlengen modul da’stu’rleri;
- eki oqiwshi-talaba sheriklikte islewine mo’lsherlengen modul da’stu’rleri;
- oqiwshi-talabalardin’ kishi toparlarda sheriklikte islewine mo’lsherlengen modul da’stu’rleri;
- oqiwshi-talabalardin’ individual ta’rizde islewine mo’lsherlengen modul da’stu’rleri ha’r biri oqiwshi-talabanin’ talanti, qizig’iwshilig’i, bilim da’rejesi, o’zlestiriw da’rejesin aniqlaw ha’m arttiriw, sabaqliq u’stinde o’z betinshe ha’m do’retiwshilik islew, o’z-o’zin bahalaw ko’nlikpelerin rawajlandiriw;
- eki oqiwshi-talaba sheriklikte islewine mo’lsherlengen modul da’stu’rleri joqarida aytip o’tilgenlerinen tisqari, oqiwshi-talabalardin’ bir-birin oqitiwi,o’z-ara sheriklikte oqiw tapsirmalarin orinlawi ha’m mashqalalardi sheshiwi,o’z-ara qadag’alawdi a’melge asiriwi;
- oqiwshi-talabalardin’ kishi toparlarda sheriklikte islewine mo’lsherlengen modul da’stu’rleri joqaridag’ilar menen bir qatarda oqiwshi-talabalar ortasinda baylanis,oqiw bahsi ha’m munazara,o’z-ara sheriklik ha’m ja’rdemdi a’melge asiriwdi na’zerde tutadi.

Oqitiwshi usi modul da’stu’rlerinen da’slep individual ta’rizdegi modul da’stu’lerinen qollap,oqiwshi-talabalarda oqiw materiallarin o’z betinshe ha’m do’retiwshilik o’zlestiriw ko’nlikpeleri qa’lipleskenligine isenim payda qilg’aninan eki oqiwshi-talaba sheriklikte islewge mo’lsherlengen modul da’stu’rleri,tiyisli pedagogikaliq sha’rt-sha’rayatlar ju’zege kelgennen son’,kishi toparlarda islewge mo’lsherlengen modul da’stu’rlerinen paydalaniwi lazim [2].

*Kishi toparlar ushin du’zigen modul da’stu’rlerinen paydalaniwda eki tu’rli jandasiw bar:*

1) Jaris usili:

Oqitiwshi oqiwshi-talabalardi ten’ sanli kishi toparlarg’a ajiratip, modul da’stu’ri tiykarinda o’z betinshe islerdi sho’lkemlestiredi. Ha’r bir modul juwmag’inda soraw-juwap, jaris formasinda o’tkeriledi. Toparlar ortasinda jen’iske eriskenler aniqlanadi. Topar ag’zalari o’z iskerligin sheriklerinin’ pikirin esapqa alg’an halda bahalaydi.

2) Kishi ma’slahatgo’y:

Oqitiwshi oqiwshi-talabalardi ten’ sanli kishi toparlarg’a ajiratip, modul da’stu’ri tiykarinda o’z betinshe islerdi sho’lkemlestiredi. Ha’r bir toparg’a kishi ma’slahatgo’yler tayinlanadi.Kishi ma’slahatgo’yler topar isin basqaradi,oqiwshi-talabalardin’ iskerligin qadag’alaydi,tiyisli jag’daylarda ja’rdem uyimlastiradi.Ha’r

bir modul juwmag'inda soraw-juwap,oqiw bahsi o'tkeriledi. O'z-ara qadag'alaw arqali oqiwshi-talabalar bahalanadi [3].

Zamanago'y pedagogikaliq texnologiyalar ushin da bul tu'sinikler sonshelli a'hmiyetli. Aytip o'tiw kerek, zamanago'y pedagogikaliq texnologiyalardag'i ''modul'' tu'sinigi ta'lim protsessinin' ajralmas sistemasi sipatinda o'zine ta'n o'zgesheliklerge iye.

Uliwma alg'anda modullastiriw ta'lim-ta'rbiya protsessinde aktiv qollanila baslag'an halda g'ana tu'rli da'rejelerdegi zamanago'y pedagogikaliq texnologiyalardi jaratiw ha'm a'melde qollaw ja'ne de ken' rawajlanip baradi.

**A`debiyatlar:**

1. Yo'ldoshev J., Hasanov S. Pedagogik texnologiyalar. O'quv qo'llanma. Toshkent. 2009

2. Беляева А. Интегративно-модульная педагогическая система профессионального образования. СПб., 1997

3. Соколова Е. Модульная профессиональная подготовка. Резервы оптимизации. //Новые знания. 2000 N3

# XIX -XX ӘСИРЛЕР БАСЫНДА ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫ ӨНЕРМЕНТШИЛИГИ

**Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты**

**Б.Қ. Турганов – тарийх илимлери кандидати**

Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың басламасы менен 1997-жылы 31 мартта "Халық көркем өнерментшилиги ҳәм әмелий өнерин және де раўажландырыўды мәмлекетлик жол менен қоллап-қуўатлаў илажлары ҳаққында"ғы пәрманы қабыл қылынды [1]. Усы пәрман тийкарында Өзбекистан Республикасында « Өнермент » ассоциациясы дүзилди. 1997-жылы 18-июльда Қарақалпақстан Республикасында «Өнермент» ассоциациясының аймақлық бөлими дүзилди. Усы шөлкем ўазыйпаларынан бири дәстүрий өнерментшилик ҳәм қол өнериниң жоғалып баратырған түрлерин қайта тиклеў ҳәм жәнеде раўажландырыў, талантлы жаслар арасында халық өнерментшилиги тараўларын устаз-шәкирт системасында ең жайдырыў ўазыйпалары белгилеп қойылды.

Қарақалпақ халқы арасында да әзелден темиршилик, шойын қуйыўшылық, зергершилик, ағаш усташылығы, көншилик, гүлалшылық, тоқымашылық, кийиз басыў ҳәм басқа да көплеп өнерментшилик тараўлары ең жайған.

Бүл ҳаққында XIX ақыры ҳәм XX әсир басларында Қарақалпақлар арасында болған Россиялы елши ҳәм саяхатшылары еске түсирыўлеринде мағлыўматлар ушрайды. Бүл дәўырде Шымбай, Даўқара, Шорахан, Қоңырат, Хожели, Қыпшақ, Манғыт, Рахман-Бердибий базар сыяқлы қалаларда өнерментшилик ҳәм саўда-сатық бир қанша жоқары дәрежеде болған. Атап айтқанда, Әмиўдәрья бөлиминде жәми болып 1445 өнермент болған, орташа бир темирши уста 304 хожалыққа, бир етикши 87 хожалыққа, бир ағаш устасы 204 хожалыққа хызмет еткен [5,10-20]. Бул дәўирде Шымбай қаласында өнерментшиликтиң көплеп тараўлары искерлик көрсеткен. Риза-кули –Мирза (1870 жж.) мағлыўматларына көре, Шымбайда 20 сабын ислеп шығаратуғын, 16 етикшилик, 6 темиршилик, 10 ағаш устаханасы, 8 тери өнимлерин ислеўши устахана, 5 бас кийим цехи, 10 жуўазхана, 8 нанбайхана, 20 қассапхана, 5 зергерлик устаханасы, 3 гулалшылық, ҳәммеси болып

**Omonov A.R., Abduraxmonov P.M.** Milliy iqtisodiyotni rivojlantirishda issiqxona tizimi………………………………………………………………. 140
**Seytkasimov J.** Globallasiw sharayatinda a'dep-ikramliliqqa qa'wip……... 141
**Бекпўлатов У., Мухторова Г.** Глобаллашув шароитида "инсон-табиат" ўзаро муносабатларини гармониклаштириш масалалари……… 143
**Шерназарова Р., Ўролов А.** Таълим жараёнида ўқувчи-ёшлар маънавиятини шакллантиришнинг долзарб масалалари………………… 147
**Reymbaev R.** O`rta maxsus va umumta`lim maktablarida tarix darslarini o`qitishda o`quvchilarni vatanparvarlik va milliy qadriyatlar ruhida tarbiyalashning o`ziga hos xususiyatlari ………………………………… 149
**Рахимов Б., Назарова Б.** Бўлажак ўқитувчиларда креатив ёндашув асосида тадқиқотчилик лаёқатини тарбиялашда шахсий сифатларининг тутган ўрни……............................................................................... 151
**Хожимуродова Р., Жабборова С., Холикова С.** Бўлажак ўқитувчиларнинг мустақил ишларни ташкил этиш масалалари ............................ 156
**Хужаниёзова О., Қурбонов Ж. Рахимова Д.** Бўлажак педагог-тарбиячиларда маънавий -ахлоқий фазилатларни шакллантиришнинг ўзига хос хусусиятлари……………………………………………………. 158
**Атажанов У., Абдикеримов А.** Миллий мақол ва ҳикматли сўзларни таълим-тарбия жараёнида фойдаланишнинг аҳамияти………………… 162
**Арзиева Б.И.** Оналик ва болаликнинг ҳимояланиши ва аёлларга бериладиган имтиёзлар…………………………………………………….. 164
**Арзиева Б.И.** Ўзбекистон Республикасининг «васийлик ва ҳомийлик тўғрисида»ги қонуннинг мазмун-моҳияти ҳақида…………………… 166
**Matnazarov N., Kudyarova T.A.** Modulli oqitiw - ta`lim beriw texnologiyasinin' zamanago`y usili………………………………………….... 167
**Matnazarov N., Kudyarova T.A.** Modulli ta`lim texnologiyasinin` mazmuni ha`m maqseti…………………………………………………… 169
**Турганов Б.Қ.** XIX -XX әсирлер басында қарақалпақ халқы өнерментшилиги 171